



## Sansibilizasyon pou fè Moun Pwoteje Tèt yo Kont Alèji Alimantè

Manje Moun Plis Konnen ki ka Pwovoke Alèji



Lèt



Ze



Pwason



Fwidmè



Nwa



Pistach



Ble



Soja



Wowoli

\*Lè w fè konnen gen yon moun ki gen yon alèji alimantè, swiv kat (4) **R** ki anba yo:

- **Refere** moun ki gen alèji alimantè a bay administratè a, oubyen moun ki responsab la.
- **Revize** manje ki pwovoke alèji a ak kliyan an epi verifye lis engredyan yo.
- **Raple** w pou w verifye pwosedi preparasyon an pou w wè si pa t gen okenn kontak ak yon pwodui ki ka pwovoke alèji.
- **Reponn** kliyan an pou w ka ba l enfòmasyon sou sa w jwenn yo.

**Pou evite kontak ak pwodui ki ka pwovoke alèji yo:**

- Byen netwaye epi dezenfekte batri kuizin nan (sa vle di fouchèt, kiyè, kouto, espatil, pens, planch pou dekoupe, bòl, bonm, chodyè) ak tout sifas kite kote preparasyon yo pral fèt la anvan yo itilize l.
- Prepare manje w yo ak yon baryè ki pwòp epi ki itilize yon sèl fwa tankou papye aliminyòm, papye resèt elatriye.
- Pa itilize menm veso pou w te fri yon manje ak menm lwil ki ladan l lan pou w fri lòt manje.
- Lave men w epi chanje gan apre w fin manyen yon manje ki ka pwovoke alèji.
- Pa pran rakousi, tankou wete nwa nan yon salad. Menm yon ti kantite manje ki ka pwovoke alèji ka lakoz yon reyaksyon ki grav epi ki ka menm koz lanmò.

**Lis sentom reyaksyon alèjik yo gen ladann ki ki annapre yo, men se pa sèlman sa yo:**

- Souf kout epi/oubyen gòj sere
- Vomisman ki parèt sanzatan, kranp oubyen dyare
- Kò grate, kò pike oubyen figi anfle, tout anndan oubyen deyò bouch la, po je, lang, po bouch, po tèt, men, ak pye epi/oubyen plak sou po
- Pèdi konesans

**RELE 911 MENM KOTE A epi fè administrasyon an konn sa si yon envite gen yon reyaksyon alèjik.**

Antite sa a deziye \_\_\_ anplwaye pou sèvi kòm ajan sekirite alimantè ki swiv yon pwogram fòmasyon sou tout manje ki ka pwovoke alèji, yon pwogram Komisè Depatman Sante Distri Nassau a apwouve. Si w gen yon alèji alimantè, tanpri fè yon manm nan pèsonèl la konn sa.